

# SB 1718 antre an vigè le 1ye jiyè 2023. Men sa lwa a fè e li pa fè.



	KISA LWA SB1718 AP FÈ	KISA SB1718 P AP FÉ
<b>ID kominoté</b>	Anpeche gouvènman lokal la finanse pwogram pou bay idantite kominote pou moun ki paka pwouve prezans legal yo Ozetazini.	Anile kat idantite kominote ke gouvènman lokal la te deja bay.  Fè posede yon ID kominote vin youn krim.
<b>Pèmi kondwi</b>	Anile pèmi kondwi lot Eta yo te bay san yo pat oblije moun lan montre ke prezans li Ozetazini legal (sa vle di lisans chofè yo bay moun ki pa gen papyè oswa ki pa kapab pwouve prezans legal yo nan peyi a).	Pa gen efè sou pemi kondwi Florid yon moun.  Fè li ilegal pou posede youn lisans kondwi andeyò eta ki pa valab ankò nan Florid.
<b>Lopital</b>	Mande lopital ak seksyon ijans ki resevwa Medicaid pou mande pasyan yo dokiman imigrasyon yo.	Pèmèt doktè, klinik, lopital oswa nenpòt ofis dokte ki bay swen medikal rapòte pasyan san papyè yo bay otorite imigrasyon yo.  Pèmèt klinik, ofis dokte ki bay swen medikal yo refize bay swen soubaz estati imigrasyon pasyan yo.  Pèmèt oswa ankouraje prezans polis imigrasyon nan lopital oswa nan seksyon ijans lopital.  Mande pasyan yo pou yo reponn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon yo avan yo resevwa swen (nan lopital ki resevwa Medicaid, yo pral poze w kesyon sou estati imigrasyon w , men ou pa oblije reponn li.
<b>Travay e verifikasyon elektwonik</b>	Pini patwon ki pa verifye otorizasyon travay anplwaye epi kriminalize moun ki pa sitwayen ki sèvi ak fo dokiman idantifikasyon pou jwenn travay.  Egzije tout anplwayè yo verifye otorizasyon travay nouvo anplwaye yo, epi mande pou patwon sekte prive ki anplwaye 25 oswa plis anplwaye yo pou sèvi ak E-Verify pou konfime otorizasyon travay nouvo anplwaye yo.	Mande patwon yo pou yo re-verifye otorizasyon travay moun yo deja anplwaye atrave verifikasyon elektwonik.  Patwon yo pa dwe kontinye anplwaye yon moun si yo vin konnen moun nan pa gen otorizasyon pou travay.
<b>Obligasyon pou moun ki gen DACA pou pratike dwa an Florid</b>	Apati 1ye novanm 2028, anpeche moun ki gen DACA pratike lalwa nan Florid.	Li pa afekte moun ki gen DACA e ki deja gen lisans pou pratike dwa nan Florid.  Li pa afekte moun ki gen DACA ki pral gen lisans pou pratike dwa nan Florid anvan 1ye novanm 2028.
<b>"Transpòtasyon moun"</b>	Fè li yon krim pou transpòte nan eta Florid yon moun ou konnen oswa ou ta dwe konnen 1.Ki antre Ozetazini ilegalman; 2.Epi gouvènman federal la pa t enspekte.	Fè li ilegal pou transpòte nenpòt moun-kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo-andan eta Florid la.  Fè li ilegal pou bay lojman oswa pataje lojman ak yon moun ki pa gen estati imigrasyon legal.  Fè li ilegal pou fè aktivite jounalye tankou mennen timoun ou lekòl, ale nan legliz, pran woulib nan machin, elatriye kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou ye (depi ou pa travèse limit eta a nan Florid, li bon. pou fè aktivite sa yo).
<b>Koperasyon Eta Florid ak egzekisyon lwa imigrasyon federal</b>	Elaji kowòdinasyon ant ajans k ap lite san rete nan florid kont teworis ansanm ak efo yo pou prepare patisipasyon ofisyel imigrasyon federal yo.	Bay lapolis nenpòt nouvo otorite pou kenbe oswa arete moun.
<b>Koleksyon ADN</b>	Kolekte ADN nan men adil ak miné, ke otorite imigrasyon florid yo te bay lod kenbe nan detansyon pou rezon kriminel.	Pèmèt lapolis kolekte ADN ki baze sou sitiyasyon imigrasyon nan men moun ki pa nan prizon kriminel.
<b>Etranje san otorizasyon Pwogram transpò etranje"</b>	Mete \$12 milyon dola disponib pou pwogram transpotasyon etranje ki pa otorize rete nan ppeyi a.	Kreye "pwogram transpò etranje san otorizasyon," ki te kreye pa yon lwa eta separe nan dat 15 fevriye 2023, SB 6-B